



NATIONWIDE CHILDREN'S
When your child needs a hospital, everything matters.

Helping Hand™

Health Education for Patients and Families

Swen Kò a Kò pou Tibebe w la **Skin-to-Skin Care for Your Baby (Haitian Crole)**

Swen kò a kò (STS) oswa swen kangouwou se yon espesyal pou w kenbe tibebe ou a. Li ap sèlman gen yon daypè sou li pandan li sou lestomak ou ki dekouvri (Foto 1). Tibebe ou a pi alèz lè l kole ak ou paske li deja konnen odè, touche, vwa ak batman kè ou. Swen kò a kò gen anpil avantaj pou tibebe yo, espesyalman si yo te fèt anvan lè oswa yo te gen yon pwa ki fèb lè yo fèt, ak pou paran yo.

Avantaj pou tibebe ou a:

- Rete cho, sa ki bon pou tanperati kò a.
- Gen yon pi bon rit kè ak respirasyon.
- Pran pwa ak dòmi pi byen.
- Kriye mwens epi nivo estrès ki fèb.
- Gen mwen doulè ak yon risk ki fèb pou trape enfeksyon.
- Gen pi bon kwasans ak devlopman sèvo.
- Li kreye yon pi bon lyen ak paran k ap fè l la.



Foto 1 Swen kò a kò

Avantaj pou paran yo:

- Li kreye yon pi bon lyen ak tibebe yo a.
- Gen yon nivo estrès ki fèb.
- Li ogmante pwodiksyon lèt epi gen plis chans pou yo reyisi nan alètman.
- Sa ba yo plis konfyans pou pran swen tibebe a.

Anvan w Kenbe I

Ou ka kòmanse kenbe tibebe w la kò a kò depi w gen posiblite pou w bò kabann li an. Fè enfimyè a konnen lè w prè pou w kenbe l. Yo kapab eksplike pwosesis la epi reponn nenpòt kesyon. Anvan ou pratike swen kò a kò pou premye fwa, sa gendwa itil pou w fè yon seyans pratik.

Bagay pou w fè anvan w pratik kò a kò:

- Pran yon douch anvan ou vini lopital la. Verifye lestomak ou pou wè si w pa gen gratèl oswa blesi ki ouvè. Si w genyen sa yo, pa pratike kò a kò jiskaske pou ou geri.
 - **Pa fimen** oswa itilize pafen oswa losyon ki gen sant anvan ou pratike kò a kò.
 - **Tire lèt ou epi ale nan twalèt anvan ou kòmanse kontak kò a kò.** Ou kapab tire lèt ou pandan w ap fè kontak kò a kò si ou kenbe tibebe ou a pandan yon tan ki long. Mande enfimyè pitit ou èd.
 - Fè enfimyè a konnen lè w ap vini pou kenbe yon fason pou yo kapab prepare pou sa. Planifye pou w pase **omwen 1 èdtan** ap bay swen kò a kò.
 - Mande enfimyè a yon manto kò a kò. Ou ka vle mete oswa pote yon chemiz ki pa sere oswa yon djakèt ki ouvè devan.
- * Si tibebe ou agen yon ti pou ede l respire, li epi swiv enstriksyon yo nan paj 3.**

Kenbe Kò a Kò

- W ap kenbe tibebe ou bò kabann li pandan w chita sou yon fotèy. Ou ka pote yon kabann granmoun si sa nesesè. Nou bay rido oswa paravan pou entimite.
- Nou rekòmande ou pratike swen kò a kò pandan omwen **1 èdtan** chak jou oswa pou osi lontan tibebe ou a alèz. Kenbe pandan lontan pi bon, men, nenpòt kantite an bon. Esye fè kò a kò osi souvan sa posib pandan sejou tibebe ou a lopital la.
- Retire soutyen ou ak/oswa chemiz ou, answit mete manto kò a kò a. Ou kapab mete yon chemiz ki ouvè devan sou manto a pou w ka santi w pi konfòtab. Tibebe ou a dwe sèlman gen yon daypè sou li ak petèt yon chapo pou l rete cho.
- Yon enfimyè ka ede mete tibebe ou a an pozisyon. Lè tibebe a sou lestomak ou ki dekouvri, enfimyè a ka ede w kenbe tibebe a nan manto kò a kò a epi kouvri li avèk yon dra. Sa ap ede w kenbe tibebe cho epi an plas.

- Mete w alèz nan fotèy la. Pwofite moman espesyal sa a avèk tibebe ou a. Fè enfimiyè a konnen si w bezwen nenpòt bagay tankou zòrye oswa yon dra.
- Evite fè lòt bagay pandan w ap fè kò a kò, tankou souke tibebe a, pale nan telefòn, oswa gade televizyon. Sa dwe yon moman trankil pou w pwofite avèk tibebe ou. Ou kapab ede sèvo li devlope lè w ap pale dousman ak li, chante oswa fè lekti pou li.
- Si dòmi pran w pandan w kenbe tibebe ou nan lopital la, l ap rete an sekirite toutotan ou gen manto kò a kò a sou ou. **Sepandan, dòmi pa ta dwe janm pran w pandan w ap fè kò a kò ak tibebe ou a lakay ou.**

Kò a Kò pou yon Tibebe ki gen yon Tib pou ede l Respirè

Si tibebe ou a gen yon tib pou ede l respire, ou dwe swiv kèk enstriksyon pou kenbe l san danje (Foto 2). Tib k ap ede l respire a enpòtan anpil pou ede li geri. Nenpòt lè tibebe ou deplase, gen yon chans pou tib la deplase epi lakòz pwoblèm respirasyon. Swiv enstriksyon sa yo:

- Mande enfimiyè ou a anvan ou pran ak mete tibebe ou a sou kabann. **Enfimiyè a ak terapèt respiratwa a se sèl moun ki dwe deplase tibebe ou a.** Sa gendwa mande plis pèsònèl pou deplase tibebe ou a toudepan de kalite aparèy respiratwa ak lòt aparèy li genyen.
- **Pa deplase tibebe ou a sou lestomak ou pandan ou kenbe li. Rele enfimiyèa pou ede deplase li.**
- Enfimiyè a pral verifye tib respirasyon tibebe ou a souvan pandan ou kenbe li. Sa nòmal.
- **Pa retounen mete tibebe ou sou kabann.** Enfimiyè ak terapèt respriatwa a ap fè sa pou ou.



Foto 2 Swen kò a kò pou yon timoun ki gen yon tib pou ede l respire.

Si ou gen nenpòt kesyon, poze enfimiyè oswa doktè pitit ou a.

Nòt
